ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№230 (23.638) • 2017 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 30, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэмрэ Къэрал мылъкур зехьэныкIэ федеральнэ агентствэм и унафэщIымрэ Москва щыз3IущIащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий лэжьыгъэ Iуэхуки Москва щыхуэзащ Къэрал мылъкур зехьэныкIэ федеральнэ агентствэм и унафэщI Пристансков Дмитрий.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ ди щIыналъэм и социально-экономикэ зыужьынигъэм, мыхьэнэшхуэ зиIэ проект щхьэхуэхэр мэкъумэш хозяйствэмрэ промышленностымрэ я IэнатIэхэм щыгъэзэщIэным япыщIа Iуэху куэдым. ЗэIущIэм щаубзыхуащ къыхалъхьа Iуэхуэхэр зэфIэгъэкIыныныкIэ яп3 игъэщIапхъэ къалэнхэмрэ ахэр щыдагъэкIыну пIалъэ пыухыкIахэмрэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1ап1э.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий УФ-м финансхэмкIэ и министр Силуанов Антон хуэзащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ Москва щыхуэзащ Урысейм финансхэмкIэ и министр Силуанов Антон.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ дызэрыт илъэсым республикэ бюджетыр зэрагъэзащIэм, абы и Iыхьэ псори зэгъэIуIуэу щытын папщIэ зэфIагъэкIхэм, апхуэдэу 2018 гъэм КъБР-м и финанс документ нэхъыщIхьэм нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ и Iыхьэхэм.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1ап1э.

Дзэм къыщагъэсэбэп вертолётхэм я кхъухьлъатэзехуэхэм Iуащхьэмахуэ лъапэ зыщагъэсащ

Дзэ-хьэуа къарухэм я еплIанэ армэмрэ Илщэ дзэ округым и ПВО-мрэ я авиацэм хиубыдэ вертолётУ Краснодар, Ставрополь крайхэм, КърымыкIыхэм я къхъулъатэзехуэхэм IущIхьэмахуэ лъапэ зыщыгъэсэн яуащ. Ми-35М, Ми-28Н, Ми-8АМТШ вертолёт цIэрыIуэхэр зыгъэIурыщIэхэр зы мазэкIэ хуагъэсащ къуршхэм къыщылъэтыхьыным.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1ап1э.

Ди къуэш республикэхэм

Сом мелуан 380-м нэблагъэ

АДЫГЕЙ. ***Iэщ зыгъэхъуэхэм федеральнэ программэ къыззращтэрэ республикэм и апхуэдэ хьэрычэтыщIэхэм сом мелуан 379,9-рэ щратащ.***

РЕСПУБЛИКЭР а программэхэм хэтщ 2012 гъэ лъандэрэ. А зэманым хэриубыдэу гранти 153-рэ иратащ Iуэхум яужь ихьэхэм, унагъуэ Iэщ фермэ зиIэхэм ящыщу 36-м зыщIагъэкъуащ заужьынкI папщIэ.

Адыгейм и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат мэкъумэш IуэхуэхэмкIэ щыналъэ министерствэмрэ район унафэщIхэмрэ пщэрылъ ящищIащ къуажэдэсхэм ящыщу Iэщ зыгъэхъуну хуейкэм ядэIэпыкъуну. Апхуэдэуи республикэм и Iэтащхьэм яхуигъэуващ грантхэр къыззрагъэсэбэпым, мэкъумэш, Iэщ гъэхъун IэнатIэхэм щылажьэхэм я улахуэм зэрыхэхъуэм кIэлъыплъыну.

Фошыгъу жэгундэр бэгъуащ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм фошыгъу жэгундэр къехьэлIэжьныр щаухащ. Ар нэгъабэ елъытауэ процент 22-кIэ нэхьыбэ хъуащ.***

ПСОРИ зэхэту Къэрэшей-Шэрджэсым гектар мини 6,2-м къыщатIыжащ жэгундэ IэфI тонн 224,5-м нэс. Ику иту гектарым къытрахащ центнер 370,8-рэ, - жиIащ КъШР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэм.

Автобусыщ1э 25-рэ

Мы гъэм и кIэм ирихьэлIэу КъШР-м щахъуэжьнущ илъэси 10 и пэкIэ къыдагъэкIа школ автобусхэр.

РЕСПУБЛИКЭМ и автопаркым къыIэрыхьэнущ школ автобусыщIэу 25-рэ. Абыхэм яхэтщ цIыку 22 - 24-рэ зэрыкъуэ Ford Transit автобусищ, 22-р Урысейм щащIахэрщ. КъШР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм къыззэритымкIэ, махуэ къэс школ автобусхэм еджапIэхэм ирашалIэ сабий мини 3-м щIигъу.

Министерствэм и лэжьакIуэм зэрыжиIамкIэ, КъШР-м и школ автобусхэм илъэс къэс къахохъуэ. 2016 гъэм къаIэрыхьащ транспорт 22-рэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Щ1эупщ1э и1эщ

Iуащхьэмахуэ лъапэ бгы-лыжэ зыгъэпсэхупIэр Урысейм фрирайдым щыхуэхэа щIыпIэ нэхъ щIэрыIуэу тхум хабжащ.

АБы щхьэкIэ къапщIащ 2017 гъэм и щэкIуэгъуэм и 15-м къыщыщIэдзауэ 2018 гъэм и гъатхэпэм и 30 пщIондэ туристхэм къащтэну храгъэха псэупIэхэм я бжыгъэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыгъэпсэхупIэхэр мызэ-мытIэу хэхуащ ди къэралым и зыгъэпсэхупIэ нэхъ щIэупщIэ зиIэхэм.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1ап1э.

НОБЭ

♦Унагъуэ псэущхьэхэм я дунейпсо махуэщ

♦1609 гъэм Галилей Галилео Маззэм и щхьэфэм и яп3 картэр зэхигъэуващ.

♦1571 гъэм Къэбэрдей пщы уэлий Идар Темрыкъуэ (Марие и адэр) дунейм ехьажащ.

♦1794 гъэм урыс дзэзешэ цIэрыIуэ Суворов Александр генерал-фельдмаршал цIэр къыфIащащ.

♦1876 гъэм урыс электротехник, дзэ инженер, хьэрычэтыщIэ Яблочков Павел яп3у трансформатор зэрыз3пкърилъхьам и щыхьэт патент къратащ.

♦1922 гъэм РСФСР-м хьихьэу къызэрагъэпэщащ Шэшэн автономнэ областыр.

♦1939 гъэм совет-фин зауэм щIидзащ.

♦1968 гъэм Гагарин Юрий и Дыщэ медаль ягъэуващ.

♦1993 гъэм УФ-м и Президентым и унафэкIэ Урысейм и гербу къащтэжащ щхьитI зыфIэт бгъэм и тепльэр зытетыр.

♦Америкэм щыщ тхакIуэ, журналист **Твен Марк** къызэралъхьэр илъэси 182-рэ ирокъу.

♦Инджылызым и премьер-министру, зыхъумэжыныгъэмкIэ министру щыта, Нобель и саугъэтым и лауреат **Черчилль Уинстон** къызэралъхьэр илъэси 143-рэ ирокъу.

♦Адыгей обкомым и я3 секретару лэжьа, СССР-м и консул нэхъыщIхьэу Болгариеи илъэсыбликIэ щыIа **Бэрзэдж Нухь** къызэралъхьэр илъэс 92-рэ ирокъу.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и дохутыр къалэм щиIэ егъэблэгъапIэм (Лениным и уэрам, 48) депутатхэр цIыхухэм щаIущIэнущ. Абы хэтынущ щIыналъэ, муниципальнэ, жылагъуэ Iуэхущ1ап1эхэм я унафэщIхэри.

2017 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м партым республикэм и районхэм щиIэ къудамэхэми цIыхухэр ирагъэблэгъэнущ, апхуэдэуи къуажэ щхьэхуэхэм - Бахъсэнёнкэ (Бахъсэн район), Жэмтхьэлэ (Шэрэдж), Новоивановскэ (Май), Хьбзэз (Дзэлыкъуэ), Пролетарскэ (Прохладнэ), Уэрэрдж (Лэскэн), «Велес» ООО (Прохладнэ къалэ) - хэхауэ егъэблэгъапIэхэр щылэжьэнущ.

ЗэIущIэхэр махуэ къэс щыIэнущ, сыхьэти 10-м щIидзэу. УпщIэ зиIэхэр *(8662) 77-00-40* телефон номерымкIэ псалъэ хъунущ.

● ФщIэн папщIэ

ЦIыхухэм Iэмал ират депутатхэм зыхуагъэзэну

«Урысей зэкъуэт» политикэ партыр зэрылажьэрэ илъэс 16 зэрырикъум и щIыхькIэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэм Iэмал яIэщ махуипщI пIалъэм къриубыдэу депутатхэм яхуэзэну, я гукъэуэ, я жэрдэм абыхэм жраIэну.

ЩЭКIУЭГЪУЭМ и 27-м къыщыщIэдзаузэ дыгъэгъазэм и 1 пщIондэ партым и хэгъэгу къудамэм Налшык къалэм щиIэ егъэблэгъапIэм (Лениным и уэрам, 48) депутатхэр цIыхухэм щаIущIэнущ. Абы хэтынущ щIыналъэ, муниципальнэ, жылагъуэ Iуэхущ1ап1эхэм я унафэщIхэри.

2017 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м партым республикэм и районхэм щиIэ къудамэхэми цIыхухэр ирагъэблэгъэнущ, апхуэдэуи къуажэ щхьэхуэхэм - Бахъсэнёнкэ (Бахъсэн район), Жэмтхьэлэ (Шэрэдж), Новоивановскэ (Май), Хьбзэз (Дзэлыкъуэ), Пролетарскэ (Прохладнэ), Уэрэрдж (Лэскэн), «Велес» ООО (Прохладнэ къалэ) - хэхауэ егъэблэгъапIэхэр щылэжьэнущ.

ЗэIущIэхэр махуэ къэс щыIэнущ, сыхьэти 10-м щIидзэу. УпщIэ зиIэхэр *(8662) 77-00-40* телефон номерымкIэ псалъэ хъунущ.

● «Адыгэ псалъэр» къыхьызох

Ди щIэщыгъуэ, дызыпэплъэ

Адыгэ унэцIэ зэрызетхьэм и мызакъуэу, псэкIэ адыгэу зылъытэжхэм ящыщ ди унагъуэр. Ауэ щыхъуакIэ, дэ фIыуэ долъагъу «Адыгэ псалъэ» газетыр, ди щIэщыгъуэу сыт щыгъуи доджэ икIи дыпоплъэ абы и къыдэкIыгъуэхэм. Абы идогъуатэ ди щIыналъэм, къэралым, хамэ щIыпIэхэм ящыщыхъукъыщыщIэхэм ятеухуа хьыбархэр.

СЭ адыгэбзэр илъэс куэд лъандэрэ щызогъэдж Тырныауэ дэт курыт школхэм ящыщ зым. Адыгэр щынэхъ мащIэ щIыпIэм ди анэдэлъхубзэм пщIэ зэрыщIэр зи фIыгъэхэм ящыщщ адыгэбзэкIэ къыдэкI ди газетыр. Ар куэдрэ дерсхэм къыщыдогъэсэбэп бззэр ешъгъэджхэм, лъэпкъ литературэмрэ анэдэлъхубзэмрэ ди гъэсэнхэм фIыуэ егъэлъагъунымкIэ тегъэщIапIэ тщIыуэ. Сабэп куэд къыщыдогъуэт газетым и напэкIуэцIхэу «Си еджапIэ - си къежьапIэ», «Шыхулъагъуэ», «ЦIыкIураш», нэгъуэщIхэми. Абыхэм еджакIуэхэм я дуней еплъыкIэр яузэщI, гупсысэр, зэхэщIыкIыр нэхъ куу ящI.

Ди унагъуэм щIэс адрейхэр я лэжьыгъэкIэ егъэджэным пымыщIами, лъэпкъ тхыдэм, хабзэм, щэнхабзэм щыгъуазэ зыхуащI, «Адыгэ псалъэм» и напэкIуэцIхэм къытехуэ тхыгъэхэр къагъэсэбэпурэ. Псоми тфIэгъэщIэгъуэнщ «Щикъухьащ адыгэр дунеижьым», «Адыгэ лъагъуэжьхэмкIэ», «Махуэку», «ЩIыуэпсым и макъ», нэгъуэщI напэкIуэцI щхьэхуэхэри.

Илъэс 95-м нэблагъэ гъуэгуанэ кIыхь зэпызыча «Адыгэ псалъэ» газетым дохъуэхъу ди лъэпкъым ифI дяпэкIи зэрихуэу, ди зыужьынымкIэ хуэлажьэу иджыри куэдрэ кIыдэкIыну.

ЖЭМЫХЪУЭ Раисэ,
егъэджакIуэ.
Iуащхьэмахуэ щIыналъэ, Тырныауэ къалэ.

Ди газетым Iэ тевдзэ

«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфIхэ!

Фигу къыдогъэкIыж 2018 гъэм и яп3 илъэс ныкъуэм унэм ныфхуахьыну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щIэдзыныр зэрекIуэкIыр.

Ди газетым илъэс ныкъуэм и уасэр сом 815-рэ кIэпIейкIи 10-рэщ.

Ди индексыр 51531

Унэхэр зэрызэрагъэпэщыжым теухуауэ

КъБР-м и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмрэ гъэсныныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым дыгъуасэ зэIущIэ иригъэкIуэкIащ «2014 - 2043 гъэхэм ятещIыхьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фэтэр куэду зэхэт и унэхэр зэгъэпэщыжыным и Iуэхуки» республикэ программэр зэрагъэзащIэм.

● Дыгъуасэ

АБы хэтащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат **Марьяш Иринэ**, КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ **Афащ1агъуэ Михаил**, республикэм и министерствэхэм, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм я лIыкIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

КъБР-м и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмрэ гъэсныныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым и унафэщI **Гриневич Валерий** зэIущIэр къыщыщIэIуихым къыхигъэщащ зытепсэлъыхь Iуэхум ехьэлIауэ 2017 гъэм накъыгъэм и 31-м КъБР-м и Парламентым щрагъэкIуэкIа зэIущIэм зэлэжьыпхъэхэр щаубзыхуауэ зэрыщытар, ахэр мы зэманым республикэм зэрыщагъэзащIэмрэ пIалъэпощхьэпохэр зыхуэдэмрэ едэIуэн папщIэ зэрызэхуэсар.

«КъБР-м фэтэр куэду зэхэт и унэхэр зэзыгъэпэщыж щIыналъэ оператор» фондым и унафэщI **Щоджэн Артур** тепсэлъыхьащ зыхуэнэсахэм. Абы зэрыжиIамкIэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм и Iуэхутхьэбзэхэм я уасэр къыщыгъэлъэгъуа тхылъ (ЕПД) къызэрагъэпэщыным теухуауэ «КъБР-м Къэзыбжь и центр» ООО-м мы зэманым лэжьыгъэ зэрыдрагъэкIыр.

- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым щыщу ди Iуэхущ1ап1эм 2017 гъэм сом мелуан 21,5-рэ къыхухагъэкIащ. Сом мелуани 6,5-р 2016 гъэм къэтщта кредит щIыхуэм покIуэж. Къэна ахъшэмкIэ фондым и къалэнхэр нэгъэсауэ хуэгъэзащIэркъым. Абы къыхэкIащ гугъуехь зыбжанэ. Къэбгъэлъагъуэмэ, мы гъэм дызыхуэныкъуэр сом мелуани 8,7-рэ мэхъу, - жиIащ Щоджэным. - Лэжьыгъэхэр куэд зэрыхъуам къыхэкIыу фондым и Iэщ1агъэлIэхэр нэхьыбэ щIын, унэтIыныгъэ зыбжанэкIэ къудамэхэр къызэгъэпэщын хуейщ. А псор къэлъытауэ, Iуэхущ1ап1эр и лэжьыгъэхэм пэлъэщын папщIэ 2018 гъэм зыхуеину ахъшэр къыщыгъэлъэгъуа дэфтэрыр дгъэхьэзырри, КъБР-м УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмрэ гъуэгуанэмкIэ и министерствэм хуедгъэхьащ. АрщхьэкIэ проектым кIыщыгъэлъэгъуа сом мелуан 27,8-м и пIэкIэ аргуэру къытIэрыхьэнур сом мелуан 21,5-рщ.

Щоджэным дыщIигъащ республикэм щыпсэухэр я лэжьыгъэм щагъэзгъуэзэн папщIэ, КъБР-м и къэрал хьыбарегъащIэ Iуэхущ1ап1эхэм мы гъэм тхыгъэ 60-м щIигъу къызэрытрыагъэдзар, республикэ сайтэм - 40, республикэ телеканалхэм - нэтын 50.

Къэпсэльам зэрыжиIамкIэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фэтэр куэду зэхэт и унэхэр зэгъэпэщыжыным и Iуэхуки» республикэ программэм къыщыгъэлъэгъуахэр ягъэзэщIэн хуэдэу зэрызэдалажьэну зэгурыIуэныгъэхэр республикэм и районхэм 6-м иращIылIащ, адрейхэми апхуэдэ лэжьыгъэхэр мы зэманым драгъэкIуэкI. «КъБР-м фэтэр куэду зэхэт и унэхэр зэзыгъэпэщыж щIыналъэ оператор» фондым и лэжьакIуэхэр щIыналъэ программэр зэрагъэзащIэм теухуауэ къалэхэмрэ районхэмрэ 60-рэ кIуащ. КъищынэмыщIауэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм епха ПсэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм жылагъуэ кIэлъыплъынигъэхэр къызэзыгъэпэщ и щIынаIэмрэ гъуэгуанэмкIэ и министерствэм хуедгъэхьащ. АрщхьэкI

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыІэ ЩІалэгъуалэ палатэм теухуа Положенэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щІ**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыІэ ЩІалэгъуалэ палатэм теухуа Положенэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м кьыдигъэкІа Унафэ №177-П-П-мкІэ хэмщтам, мы кьыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 3.2-нэ пунктым и 4-нэ пункт къуэдзэм хэт «е абы и лэжьыгъэр къыдэтегъэувыІэным судым щыхоплъэ» псалъэхэр хэгъэкІын.

2. 5.1-нэ пунктым:

а) 7-8-нэ пункт къуэдзэм дэщІыгъужьи «е жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэмыт цІыхуи мы Положенэм и 3.3-нэ пунктым и 1-нэ пункт къуэдзэм къыщыгъэлъэгъуа къулыкъухэм языхэзыр щигъэзащІэм деж» жиІэу;

б) 9-нэ пункт къуэдзэ дэщІыгъужьи мы кьыкІэлъыкІуэм хуэдэу иту:

«9) зэкІэлъыкІуэу (щэ е нэхъыбэрэ) щхьэусыгъуэншэу (и Іыхьлы гъунэгъу зэрылІам, зэрысымаджэм, лэжьыгъэ Іуэхуі зэрежьам, уэндэгъуэнэ, лъхурыкІэ е сабийр зехьэным кьыхэкІыу зэрыщысым, ЩІалэгъуалэ палатэм хэтым езым емылъытауэ фІэкІыпІэ зимыІэ нэгъуэщІ щхьэусыгъуэхэр кьызэрылъыкъуэкІам пымыщІауэ) ЩІалэгъуалэ палатэм е абы и органэм я зэлущІэхэм емыкІуалІэмэ.».

3. 8.1.1-нэ пункт дэщІыгъужьи мы кьыкІэлъыкІуэм хуэдэу иту:

«8.1.1. ЩІалэгъуалэ палатэм и япэ зэлущІэм абы и полномочиехэм я пІалъэм хуэдизкІэ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и Жылагъуэ щІалэгъуалэ палатэм (ЩІалэгъуалэ парламентым) ЩІалэгъуалэ палатэм и лІыкІуэу хэтынур (адэкІэ - Къэрал Думэм и ЩІалэгъуалэ парламентым щыІэну лІыкІуэр) щыхах.

4. 8.2-нэ пунктым:

а) япэ абзацым хэт «ЩІалэгъуалэ палатэм и унафэщІым,» псалъэхэм кьакІэлъыкІуэу дэщІыгъужьи «Къэрал Думэм и ЩІалэгъуалэ парламентым щыІэну лІыкІуэр,» жиІэу;

б) итІуанэ абзацым хэт «унафэщІым,» псалъэм кІэлъыкІуэу «Къэрал Думэм и ЩІалэгъуалэ парламентым щыІэну лІыкІуэм» жиІэу дэщІыгъужьи, «хэт псоми ящыщу» псалъэхэр зэхъуэкІи «хагъэхьахэм ящыщу» псалъэхэмкІэ;

в) ещанэ абзацым хэт «унафэщІым,» псалъэм кІэлъыкІуэу дэщІыгъужьи «Къэрал Думэм и ЩІалэгъуалэ парламентым щыІэну лІыкІуэм,» жиІэу;

г) еплІанэ абзацым къару имыІэжу къэпльытэн.

5. 8.6-нэ пунктым и етІуанэ абзацым хэт «ЩІалэгъуалэ парламентым и унафэщІр,» псалъэхэм якІэлъыкІуэу дэщІыгъужьи «Къэрал Думэм и ЩІалэгъуалэ парламентым щыІэ лІыкІуэр,» жиІэу.

6. 8.8-нэ пунктым къару имыІэжу къэпльытэн.

7. 8.12-нэ пунктым:

а) япэ абзацым хэт «Унафэщ1ыр,» псалъэм кІэлъыкІуэу дэщІыгъужьи «Къэрал Думэм и ЩІалэгъуалэ парламентым щыІэ лІыкІуэр, унафэщІым и къуэдзэр, секретарыр, комиссэм и унафэщІыр» жиІэу;

б) 3-нэ пункт къуэдзэм хэт «палатэм хэт псоми» псалъэхэр зэхъуэкІын «палатэм хагъэхьахэм» жиІэу.

8. 8.13-нэ пунктыр мы кьыкІэлъыкІуэм хуэдэу зэхъуэкІын:

«8.12. УнафэщІыр, Къэрал Думэм и ЩІалэгъуалэ парламентым щыІэ лІыкІуэр, унафэщІым и къуэдзэр, секретарыр, ЩІалэгъуалэ палатэм и комиссэм и унафэщІыр я кІуалІэкъуэм тегъэкІыным теухуа унафэр ЩІалэгъуалэ палатэм и зэлущІэм къыщащтэ ЩІалэгъуалэ палатэм хагъэхьа псоми я нэхъыбэм Іэ зэрагъэтам тету».

9. 8.14-нэ пункт дэщІыгъужьи мы кьыкІэлъыкІуэм хуэдэу иту:

«8.14. УнафэщІыр, Къэрал Думэм и ЩІалэгъуалэ парламентым щыІэ лІыкІуэр, унафэщІым и къуэдзэр, секретарыр, ЩІалэгъуалэ палатэм и комиссэм и унафэщІыр нэхъ пасэу я кІуалІэкъуэм трагъэкІамэ, хэхьыныгъэхэр щІэрыщІэу щрагъэкІуэкІ ЩІалэгъуалэ палатэм и зи чэзу зэлущІэм».

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2017 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м
№771-П-П

Бахъсэн щыналъэ

Лъэпкъ хабзэхэр зи лъабжьэ

Бахъсэн районым и щІалэгъуалэр жыдэжьэу хэтщ «Зэнибжьэгъуэхэр» Іуэхум и зи чэзу Іыхьэм.

Къубэ-Тэбэ къуажэм и курыт еджапІэм и 10-нэ классым щеджэ щІалэр Шэрэдж районым щохьащІэ. Апхуэдэу Кремл-Константиновскэ къуажэм и курыт еджапІэм и 10-нэ классым и еджакІуэм иригъэблагъащ Шэрэдж районым щыщщІ.

Хабзэ зэрыхъуауэ, унагъуэхэм ихьахэм тхьэмахуэм кьриубыдэу щэнхабзэ-узэщІыныгъэ, нэгуэшуе программэхэр кьыхуэзрагъэпэщ. Абы хьихьэу хьэщІэр я лъэпкъ хабзэмрэ псэукІэмрэ хагъэгъуэзу.

Балъкъэр Ипщэ къуажэм дэс Гермэкаевхэ я унагъуэм Къубэ-Тэбэ къуажэм щыщ зы еджакІуэ ирагъэблагъащ. Абы и хьэщІащ Бахъсэн район администрацым и Іэтащхьэм и япэ къуэдзэм и кІалэнхэр зыгъэзащІэ Тохъутэмыщ Мухьэмэд, Шэрэдж районым и щІыпІэ администрацым и Іуэхуэр зезыгъакІуэ Байсиев Хьэрун, Къубэ-Тэбэ къуажэм и курыт еджапІэм и унафэщІ Тохъутэмыщ Иринэ, щІалэ цІыкІур тхьэмахуэм ка кьриубыдэу щеджа Балъкъэр Ипщэ къуажэм и курыт еджапІэ №2-м и унафэщІ Жангуразов Борис, еджакІуэм и адэ-анэр.

Ипэ дакъикъэхэм щыщІэдзауэ унагъуэм зыкьыгъэлъэгъуащ хьэщІэм пщІэ хуэзыщІу. Апхуэдэу ахэр щыгуфІыкІащ хьэщІэ лъапІэхэр къазэрыхуеблэгъам. Іэнэ берынэтым здащыщым хьэхэу дахэхэр трагъэкІыжащ зэнибжьэгъуэгъэр ягъэбыдэным, лъэпкъ хабзэхэр къагъэщІэрэщІэжьным. Зэхьыхэр и кІэм щыпэблагъэм хьэщІэхэр бысымхэм ехъэхъэщащ зыужьыныгъэ, ехъулІэныгъэ яІэну икІи ахэр ирагъэблагъащ Бахъсэн районым щыхьэщІэну.

Тохъутэмыщ Мухьэмэд кьыззэрыджэІамкІэ, щІэблэм я гъэсэныгъэм зрагъэужьыныкІэ мы проектым мыкъэнэщхуэ иІэщ икІи Іуэхум адэжи зрагъэубгъуну щогугъ. «Ди блэкІар, ди хабзэхэм я дахагъэмрэ я кьулеигъэмрэ зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. ЩІэблэм я гъэсэныгъэм лъабжьэ хуэхъун хуейр лъэпкъ хабзэхэрщ», - кьыхигъэщхьэхуІащ абы и псалъэм.

Бахъсэн район администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Налшык къалэм и курыт еджапІэ №32-м пшыхь гуапэ щекІуэкІащ. Ар теухуауэ щытащ тхакІуэ, щІэныгъэлІ, тхыдэтх, философ, журналист Бейтыгъуэн Сэфарбий и ныбжьыр илъэс 75-рэ зэрырикъум. Зэхъыхьэр кьыззэригъэпэщащ Налшык къалэ администрацэм ЕгъэджэныгъэмкІэ и департаментым.

Бейтыгъуэн Сэфарбий ягъэлъапІэ

Пшыхьхэр

Пшыхьыр щекІуэкІым.

Аслъэн Майе Бейтыгъуэн Сэфарбий йохъуэхъу.

Пшыхьыр зыгъэдэха щІалэхэр.

Хьэгъэжей Миланэрэ Хьэгъэбанэ Каринэрэ Бейтыгъуэным и жыІэгъуэхэм кьоджэ.

ПШЫХЬЫМ ирагъэблэгъащ композитор цІэрыІуэ **ХьэІупэ Джэбрэил**, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфыщ1э Мухьэмэд**, КъБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Бепраев МутІэлип**, тхакІуэ **Мэрэзхъу Мухьэмэд**, «Эльбрус» тхьэтегъэпІэм и унафэщІ, усакІуэ **Ацкъан Руслан**, Щоджэнщ1ыкІу Алий и цІэр зезыхьэ фондым и тхьэмадэ **Щоджэнщ1ыкІу Леонид**, жылагъуэ лэжьакІуэ **Бэлахъуэ Олег** сымэ, нэгъуэщІхэри.

Пшыхьым кьрихьэлІахэмрэ абы ирагъэблагъэхэмрэ еджакІуэхэм ягу кьагъэкІыжащ Бейтыгъуэн Сэфарбий и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ. ЗэІущІэм кьыщыхагъэщащ абы и Іэдакъэщ1экІхэр я программэм хэмытми, ахэр фІыуэ зэральагъур, гъэщІэгъуэн зэращыхъур, зэпымыууэ зэрыпэплъэр. Апхуэдэщ Бейтыгъуэным итхахэм ящыщу зи цІэ ираІуа, щытхъу куэд зыхужаІэ «Псалъэ, псэу», «Псэпльэгъу», «ЗыкъызогъэщІыж», «Купщ1э», «Кабардинские фамилий», «Истоки и судьбы», «Кабарда и Ермолов», «Генеалогия кабардинских фамилий», «Великие личности и ценности», «Дух сомнения», «Средоточие», «Сущность» лэжьыгъэ купщІафІэхэр. Псом хуэмыдэу ахэр ягу щыбдыхьэу кьагъэпльэгъуар тхакІуэм и псалъэр зэрымащІрщ, зэрыщэрыуэрщ, псалъэжьхэми, псалъэ шэрыуэхэми, жыІэгъуэ дахэхэми гупсысэ куу зэращІэлъыщ. Абы и щыхьэту, еджакІуэхэу Хьэгъэжей Миланэрэ Хьэгъэбанэ Каринэрэ Сэфарбий и жыІэгъуэхэм кьеджащ. Апхуэдэу егъэджакІуэхэмрэ еджакІуэхэмрэ утыку кьрахьащ Бейтыгъуэным хуатха усэхэр.

И куэажэгъу, Налшык къалэм и курыт еджапІэ №20-м и егъэджакІуэ **Аслъэн Майе** кьыхигъэщащ Сэфарбий и зэфІэкІым лъэпкъыр, псом хуэмыдэу къармэхьэблэдэсхэр, зэрыригушхуэр, абы и Іэдакъэ къыщІэкІа лэжьыгъэхэм щІэупщІи и зэраІэр.

- Хуабжьу срогушхуэ тхакІуэ, философ Бейтыгъуэн Сэфарбий зэрысщІыхум. Нэхъапэ іуэкІэ псэуа, адыгэ лъэпкъым и щІыхь, Бейтыгъуэным и Іуэхущ1афэхэмрэ и дуней тетыкІэмрэ. Сыт щыгъуи дэІепыкъуэгъу кьыпхуэхъуну хьэзыр ныбжьэгъу пэжым дрогушхуэ. Гъащ1э дахэ, гъащ1э кІыхь къэбгъащІэну, уи мурадхэр кьохъулІэну сынохьуэхъу! - жиІащ Беппаев МутІэлип.

Щоджэнщ1ыкІу Леонид жиІащ Бейтыгъуэным гушыІэ дахэ зэрыхэлъыр, цІыхуэр зэрригъэгушхуэр, гъащІэр зэрригъэдахэр игу зэрядыхьэр икІи абы хуиІэфэщащ зи лІыкІуэ фондым кьыбгъэдэкІ дыщэ медалыр.

- Бейтыгъуэн Сэфарбий и жыІэгъуэхэр ди газетым щІэх-щІэхыурэ тІоддэз. Ахэр газетеджэхэм ягу ирохь. Абы и Іэдакъэ къыщІэкІахэм хуэдиз зытха куэд срихьэлІакъым, - жиІащ ХьэфІыщІэ Мухьэмэд. - КъБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІым гу лъеэгъэтэнут абы и зы дэтхэнэ жыІэгъуэри ди классикэм я усэ нэхъыфІхэм хуэбгъадэ зэррихъунум. Пшыхьым кьрихьэлІахэм кьабгъэдэкІыу Беппаев МутІэлип зыхузогъаз, ар кьилъытэу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхуб тхакІуэ» цІэ лъапІэр Бейтыгъуэным кьыхуагъэфэщну къиргъэлъэгъуэну. Илъэс куэдкІэ Тхьэм ди япэ уригъэт, Сэфарбий!

Ацкъан Руслан игу кьиргъэкІыжащ Сэфарбий тхылъ тедзапІэм зэрыщыдэлэжьар икІи кьыхигъэщащ нэхъыжьыфІу, ныбжьэгъуфІу кьилъытэу ахэр гъащІэм кьыззэрыщызэдэгъуэгурыкІуэр. Ар Бейтыгъуэным ехъуэхъащ гуфІэгъуэрэ дэрэжэгъуэрэ щымыщІэу куэдрэ тхуэпсэуну, тхуэузынщэну.

- СэркІэ щІэнгъуазэ пэлъытэщ гъащІэм и унэтІныныгъэ куэдым фІыуэ щылъагаз Сэфарбий. Ар бгъэныбжьэгъун папщІэ дуней псом кьыщыхъу-кьыщыщІэ зыгьбархэм сыт щыгъуи хэпщІыкІыу гъащІэм удэбгъкъуэн хуэйщ. Абы кьыхэкІыу куэдрэ дыщызэрымыпъэгъуазэм дежи Сэфарбий сызэрыІущІэнум зыхуэзгъэхьэзырын хуей мэхъу, - жиІащ Мэрэжхъу Мухьэмэд. - Уи тхыгъэ купщІафІэхэмкІэ лъэпкъыр иджыри илъэс куэдкІэ дыбгъэгуфІэну, Сэфарбий! Ныбжьыщ1эхэр фыкъыхуэзоджэ Бейтыгъуэным и тхыгъэхэм, нарт пшынальэхэм федржэну.

Кавказ Йщхьэрэм Гъуэзджэхэмкіэ и институтым и доцент, культурологием и кандидат Щаущ1ыкІу Людмилэ еджакІуэхэм фІыщІэ яхуищІащ Бейтыгъуэным и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ фІыуэ зэрыщыгъуазэм папщІэ. Зи юбилейр зыгъэлъапІэ нэхъыжьыфІым абы зыхуигъэзащ щыхубзм кьыхуаІэ пльагъуныгъэмрэ пщІэмрэ фІэмыкІуэду илъэс куэдкІэ лъэпкъым хуэпсэуну.

- Тхылъым, литературэм, ди Іуэхущ1апІэм Сэфарбий хуэдэу хуэпэж щІыхь къэгъуэтыгъуейщ. Ар щІыхь псэ къабзэм, гуапэм и щапхъэщ. Бейтыгъуэныр зэрысщІыхум срогушхуэ. Зи унагъуэм теубгъуа, абы и кьыщхьэщыжакІуэ нэхъыжьыфІым узынщагъэ быдэ иІэу илъэс куэдкІэ ящхьэщытыну, мы дуней дахэм гу щІихузну Тхьэм жиІэ! - кьыхигъэщащ Тхылъыр фІыуэ зыльагъуэхэм я Налшык къалэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Шинкарёвэ Натальэ**.

ХьэІупэ Джэбрэилрэ фІыщІэ яхуищІащ пшыхьым кьрихьэлІахэм я гукъыдэжыр кьэзыІэта, я дэрэжэгъуэм хэзыгъэхъуа, республикэм и уэрэджыкІакІуэ, пшынауэ, бэрэсбнауэ, кьэфакІуэ ныбжьыщІэхэм. Композиторым гуапэ щыхъуащ щІэблэр макъамэмрэ гъуэзджэмрэ зэрыхуэмыхамэр. Лъэпкъыр пъэпкъыу щыІэн папщІэ бзэр хъумэн зэрыхуейр и тегъэщІапІэу, абы егъэджакІуэхэмрэ еджакІуэхэмрэ кьыхуриджащ анэдэлъхубзэм гулъытэ нэхъыбэ хуащІыну.

Пшыхьыр кьыззэригъэпэща, Налшык къалэ администрацэм Егъэджэныгъэмкіэ и департаментым и ЛІыкІуэ **ЛІыІэщ1ын Людмилэ** зи юбилейр ягъэлъапІэм зыхуигъэзащ и лэжьыгъэфІхэмкІэ егъэджакІуэхэмрэ щІэблэмрэ дяпэкІи игъэгуфІэу псэуну.

Бейтыгъуэным и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ ятеухуауэ къалэм и курыт еджапІэхэм щрагъэкІуэкІа мультимедиа зэпеуэм пашэ щыхъуахэр пшыхьым щагъэпэжащ. Сэфарбий и тхылъхэр тыгъэ яхуищІащ зэхьэзэхуэм кьыхэжанымкІа еджакІуэхэмрэ абыхэм я егъэджакІуэхэмрэ икІи псалъэ гуапэхэр яхужиІащ зэІущІэм кьыззэрыгъэпэщащэмрэ абы зыкъэрезыгъэхьэлІахэмрэ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Адыгэ пщащэр къоджэ Сэфарбий хуитха усэм.

«Шагъдий» ансамблыр къоофэ.

ЗэІущІэм кьрихьэлІахэр.

Бахъсэн щыналъэ

Бдзэжьей лъэпкъыгъуэфІхэр къыщагъэхъунущ

Щэджэм къалэм и ищхьэрэ-къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ щащІ «Кавказ-бдзэжьей» ООО-м и япэрей уэхуэныгъэхэр и кІэм нагъэблагъащ. Зы илъэсым кьриубыдэу абы къуэлэну тонни 100-м нэблагъэ къыщагъэхъуну я мурадщ.

МЫ ІУЭХУМ предприятэр елэжьын щыщІидзар гъэдызэрыштем и пэщІэдзэхэращ. Абы щагъуэ уэхуэныгъэм халъхьащ сом мелуан 17-м нэс.

Мы зэманым псыгуэн 36-р хьэзырщ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми бдзэжьейуэ тонни 3 хэхуэнущ. Псыгуэнхэм ирагъэлъэдэнур псынэпсщ.

Іэхуущ1апІэм и пщІантІэм псы Іущ1апІэ щхьэхуи дэтщ. Абы гектарым щІигъу кьызэщІеубыдэ, метр 1,5-рэ и кууагъщ, абдежым бдзэжьейхэр «щагъэкъэбзэнущ».

Псыгуэнхэм бдзэжьей шырхэр 2018 гъэм и мэлыжьыхьым япэ дыдэу хауТІыпщхьэнущ, грамми 3 - 5 хуэдиз нэхъ мыхъуу. Ахэр ягъэшэхэнущ ди къэралым кьыщыщІагъэкІа Іусхэмкіэ икІи тыкуэнхэм ебгъашэ хъун теплъэ яІэу илъэс ныкъуэм кьриубыдэу хэхъуэнухэщ, 2018 гъэм и кІэухэм ирихьэлІэу ди республикэм и тыкуэнхэм Іэрагъэхьэфын хуэдэу.

Предприятэм щылажьэхэм я мурадщ къуэлэнымэ нэмыщІ нэгъуэщІ бдзэжьей лъэпкъыгъуэфІхэри кьыщагъэхъуну. Абыхэм папщІэ нэгъуэщІ псыгуэнхэри кьыззэрагъэпэщынущ.

Іэхуущ1апІэм цІыху 15 щылэжьэнущ. Абыхэм улахуэу кьахьынущ сом мин 20 - 25-м нэблагъэ.

КІАРЭ Элинэ.

Іэщ1агъэм хуэпэжу къогъуэгурыкІуэ

«ЦІыхум и уасэр и лэжьыгъэрщ» псалъэжьыр щхьэхуимыту уигу кьегъэкІ. Іущхьэмахуэ районым хьэхь Тырныауэ къалэм дэт гъэзэщ1акІуэ, суд Іуэхущ1апІэхэм къулыкъу зэхуэмыдэхэм пэрыту илъэс 40-м щІигъукІэ лэжьа Бжэныкіэ Анатолэ Алий и къуэм и гъащІэм зыщыщыбгъэгъуэзэкІэ.

МЫ ГЪЭМ зи ныбжьыр илъэс 65-рэ ирикъуа Бжэныкіэм къыдэлэжьахэм кьыхагъэщ ар юрист Іэщ1агъэм зэрыхуэІэзэр, зэфІэкІ зэриІэр, зэрыщІыху пэжыр. Анатолэ къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ органхэм щыхэтым «Милицэм и отличник» бгъэхэІу дамыгъэр, «Лэжьыгъэр пылъхьэншэу зэрырихьэкІым папщІэ» медалым и ещанэ нагъыщэр къратауэ щытащ. Мызэ-мытІэу абы кьыхуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и муниципальнэ щІыналъэхэм я Советхэм я зэгухьэныгъэм, Іуащхьэмахуэ, Дзэлыкъуэ районхэм я щІыпІэ администрацэхэм я щІыхь тхылъхэр.

Пэжыгъэм и ветеран Бжэныкіэ Анатолэрэ и щхьэгъусэмрэ пхъуилІ зэдагъэтащ, апхуэдэуи зеинш эхьыджэбз цІыкІуитІ кьащтэри зэдапІащ. Ахэр нобэ ирогушхуэ хабзэ яхэлъу я бынхэр кьызэрагъэхьуфам. Бжэныкіэ Анатолэ кьыщалъхуар Дзэлыкъуэ къуажэрщ. 1978 гъэм абы кьиуахащ СССР-м и МВД-м и академиеу Саратов дэтыр. НэхъапэлъэкІэ Бжэныкіэр щылэжьащ къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ органхэм, иужькІэ Тырныауэ вольфрам-молибден комбинатым юрист кьулыкъыр щиІыгъуу илъэс 15-кІэ Іутащ. Анатолэ щылэжьащ Іущхьэмахуэ районым и суд Іуэхущ1апІэ №2-м и зэзэгъэныкъуэ хэящІуэ. Бжэныкіэр кьэзыцІыхуэхэм пщІэ кьыхуэзымыщІ яхэткъым, и Іуэху бгъэдыхьэкІэр куэдым щапхъэ яхуэхъуащ.

Іуащхьэмахуэ районым и щІыпІэ администрацэм и къудамэм и унафэщІу щыщыта илъэсищІми Бжэныкіэр набдзэгубдзапІэу, Іуэхум хищІыкІыу лэжьащ. Пщэдджыжьым «Российская газета»-р кьищтэнти, ар и лэжьакІуэхэм еупщІынт Хабзэм игъуэта зэхъуэкІынигъэхэм хащІыкІрэ хамыщІыкІрэ. Сыт хуэдэ Іуэхуми хэкІыпІэ кьыхуэзыгъуэтыф Іэщ1агъэлым и лэжьэгъуэхэми защІигъакъуэрт, и Іуэху еплъыкІэр пхигъэкІыфырт. «Хабзэр сыт щыгъуи пэжырщ си телъхьэр. Захуагъэр псалъэкІэ, щыхьэткІэ пхъумэжьфу щытын хуейщ», - жиІэ Анатолэ.

И лэжьыгъэм кьыдэкІуэу, Бжэныкіэ Анатолэ Іуащхьэмахуэ районым и курыт еджапІэхэмрэ нэхъыщхьэхэмрэ щригъеджэну лэжьащ, юрист куэд игъэсащ. Бжэныкіэм иригъэджэхэм нобэр кьыздэсым жаІэ районым и хабзэ Іуэхум зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ хуэзыщІахэм я гъэсакІуэр зэрахтэр.

Бжэныкіэ Анатолэ ноби хабзэм и лэжьакІуэщ. Дзэлыкъуэ районым зэрыІэпхъуэжьр ар щолажьэ щІыпІэ администрацэм.

Іуащхьэмахуэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и лэжьакІуэхэр Анатолэ йохъуэхъу уэзышащэ, ехъулІэныгъэ иІэну.

ТАРИМ Алисэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі

ПцІыуэ къыщІэкІащ

Налшык къалэ и прокуратурэм къипщытащ анэ (унагъуэ) капиталым и мылъкуэр къызэрагъэсэбэн щыкІэр.

АБЫ ИГЪЭБЕЛДЖЫЛАЩ Налшык къалэ щыпсэу цІыхубзым анэ (унагъуэ) капиталым и къарал сертификат 2011 гъэм шыщхьэу- Іум и 5-м зэрыратар, сабий ещанэр дунейм кьызэрытехьам кьыхэ- кІыу.

А мылъкумкІэ кредитыр ипшынэжьым мурадкІэ кьыйихьын щхьэкІэ цІыхубзым игъэпэгъуащ Налшык къалэ и Къэбэрдей уэрамым псэупІэ уиэ трищІыхьныгъэ хуит зыщІ тхылъ нэпцІыр.

Абы арэзы техъуахэщ икІи зи гугъу тщІы мылъкур, кредит зэгурыІуэныгъэм тету, банкым ягъэІуІащ.

АрщхьэкІэ, апхуэдэ уиэ иухуэну ар Налшык къалэ и щІыпІэ адміністрацэм хуит имыщІауэ кьыщІэкІащ. ЦІыхубзым кьиргъэлъэгъуа щІыпІэм деж щытщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Дзэ комиссариатыр.

ЦІыхубзым зэхищІыхьахэм халъэгъуащ УФ-м и УК-м и 327-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэр зытепсэлъыхь щІэнхъаджагъэм и нэщэнхэр (тхылъ нэпцІ кьэгъэсэбэпыныр). Абы кьыхэкІыуи, Налшык къалэ и прокуратурэм иригъэкІуэкІа къэпщытэныгъэм кърикІуэкІ следствэмкІэ Іуэхущ1апІэм яІэригъэхьащ.

КъБР-м и прокуратурэм и Налшык къалэ къудамэ.

КъБР-м и прокуратурэм

● ДифІ догъэлъапІэ

Дохутыр, щІэныгъэлІ, жылагъуэ лэжьакІуэ

КъБР-м щІыхь зиІэ и дохутыр, медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат, Аруан район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэу (70 - 90 гъэхэм), КъБР-м и Парламентым и депутату (I - II зэхуэсыгъуэхэм) щыта Лъэпщокъуэ Хьэжысмел Султ1ан и къуэм и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

ИПЪЭс 80-р зы цІыху гъащІэкІэ мащІэкъым, ар зи гугъу тщІы лІым Іэхуищ1афэ дахэрэ лэжьыгъэ щхьэпэкІэ гъэнщІауэ къиКІуа гъуэгуанэм хуэдэмэ. Къыхиха гъащІэ гъуэгум Лъэпщокъуэ Хьэжысмел хуишащ узыншагъэр хуымэн Іэнатіэм и гъурри и цІынэри фІыуэ зыщІэ Іэщ1агъэлІ нэс хъуными, апхуэдэ щІыкІэкІи цІыху куэдым сэбэп яхуэхъуным.

Лъэпщокъуэм илъэс 34-рэ тыхь хуищ1ащ медицинэ Іэнатіэм: Осетие Ищхьэрэ къэрал мединститутыр кьащиуха 1962 гъэм терапевту лэжьэн щІидзэри, Аруан район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэу илъэс зыбжанэкІэ щытауэ, 1996 гъэм пенсэм кІуац.

ЦІыхухэр дзэныхэх хьэл-щэн дахэ куэд зыбгъэдэлъ Хьэжысмел псынщІэу Іэухум ззэгъат. Сымаджэхэм еІэзэным къыщыдэхуэ зэманыр и мащІэ дыдэми, Лъэпщокъуэр щІэныгъэ лажьыгъэмрэ медицинэр ипэкІэ зыгъэкІуатэ Іэмалыщ1эхэм лъыхъуэнымрэ хуабжу дахьэхырт. Зэрылажьэм хуэдэурэ, 1975 гъэм абы кандидат лэжьыгъэр Москва И. М. Сеченовым и цІэр зэрихьэу дэт медицинэ институтым щыпхигъэхІащ. Ар теухуат жьэжьеІм ирищІэ мывэжр хьэзэрыхьэх щІыкІэщІэхэм. КъыхэгъэщІипхъэщ, кІуэцІ узыфэхэр ульрэзвык Іэмалэхэмкіэ хъэуІэнэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыз3теубІэнэр Лъэпщокъуэ Хьэжысмел и жэрдэму зэрыщытар.

Сыт хуэдэ Іуэху къримыкьэжьэми, Лъэпщокъуэр зригъуаззэр зыщ: медицинэ щІэныгъэмрэ дохутыр Іэнатіэмрэ зэпэгъунэгъу щІауэ, щІэуэ кьежьэ Іэмалхэр сымаджэм и хущхъуэгъуэ хэлъу къэгъэсэбэпынырыц. Къапщтэмэ, дунейпсо медицинэр зытегъэпсыхьыкар а Іуэхур гъэззэщІа зэрыхъунырыц.

Лъэпщокъуэ Хьэжысмел Аруан куей сымаджэщым и унафэщІу щыщыта лъэхъэнэм хуэажэ амбулаторэщІэу 6, сымаджэ 80 щІэхуэу уз зэрыщІалэхэм щеІзэз отделенэрэ гъуэгъыпІэ 60 зыщІэхуэ гъэлъхъуэщрэ районым къыщызэІуахауэ щытащ. Дохутыр нэхъыщхьэм гулъытэ хэха зыхуищІхэм ящыщт и лэжьакІуэхэм псэукІэ зэІуэзэпэщ яІэнар, щІэгугъавэ Іуэхущхуэ я щІыбагъэ дэмыпІу ахэр я къалэнхэм бгъэдыхьэн папщІэ. Лъэпщокъуэм и жэрдэмкІэ Аруан районым щауэхуащ дохутыр Іуэхущ1апІэхэм щылажьэхэм папщІэ фэтэр 12-у зэхэт псэупІэ унитІ. Апхуэдэу ар хущІэкъурт сымаджэщым щылажьэ псори зэгурыІуэу, зэдэІуэжу, зэрыгъэгушхуэу, зэхуэфІу зэрызэкъуэтыным. Дохутыр нэхъыщхьэм хуэзфІэкІырт кьыдлажьэхэр езым хуэдэу гъащІэм хуэнэхъуеиншэ, сымаджэхэм яхуэгумащІэ, лэжьыгъэм хуэжьджэр ищІын.

Лъэпщокъуэ Хьэжысмел Іыхьэ лейуэ и гуапэт Іэщ1агъэлІ ныбжьыщІэхэм, медицинэм хуэлэжьэныр кьыхэзыхахэм сыт хуэдэ ІуэхукІи ядэІэпыкъуну. Ди къэралми нэгъуэщІ щІыпІэ куэдми щыщІэрыІуэу, медицинэмкІэ ежьагъэшхуэзэ Пытель Антонрэ Юрэрэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь Лопаткинэ Аннэ сымэ я гъэсэн Лъэпщокъуэр дохутырхэм я къэралпсо зэхьыхьэм, щІэныгъэ конференцэм кІуэрт икІи нэІуасэ кьыхуэхъурт зи Іэщ1агъэм фІыуэ хэзыщыкІ, узыфэ зэмылІэужьыгъуэхэм еІзэз дохутыр куэд. Апхуэдэ зэпыщІэныгъэфІхэр кьигъэсэбэпурэ ар ядэІэпыкъуэц ди щІыпІэм щыщ сымаджэ куэдым.

Хьэжысмел и цІыху щІыкІэм, хьэлщэным, дуней тетыкІэм щхьэхуэу я гугъу пщІымэ, ар кьыззэрыыкІуэу кьэухь нэху, гу къабзэ зиІэ, зэпымыууэ щІэм лъыхъуэ, фІыр зи Іэрыкі цІыху гъуэззэджэщ, кьззэыухьуреихьэрэ езым ещхь защІэ ещІыф. Абы иригъэджа, дохутыр Іэщ1агъэм хигъэгъуэзэ куэд щолажьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэхэм районэхэм, дэтхэнэ зыми а лІым и цІэр фІыкІэ зэрыжиІэфынуми шэч къытедмыхьэу.

И гъащІэм щыщу зы махуи зы сыхьэти Іуэхуншэу игъэкІуакъым Хьэжысмел. Узыншагъэр хьумэн Іэнатіэм щыпрыта илъэсхэм езым и дохутыр Іэзагъэми кьыздэлажьэхэм я зэфІэкІми зэрыхигъэхъуэным хущІэкъуащ, уеблэмэ лэжьыгъэм и пІалъэу зэхуихьэсахэр медицинэм епха законыщІэхэр къэухуэным лъабжьэ хуищІащ. КъБР-м и Парламентым и депутату щыщыта лъэхъэнэм, Лъэпщокъуэм и жэрдэмкІэ икІи и нэІэм щІэту кьащта законхэр нобэми мэлажьэ. Депутату щытыху, Хьэжысмел хэлІыфІыхьащ республикэм и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ, медицинэ Іэнатіэр зэхэзыфІэкІуэн Іуэхуэхэр зэфІэхьыным, хэжаКІуэхэм зэрызыкъыхэугъаззэ упщІэ жэуапыншэу кьызэримыгъэнэным хущІэкъуу лэжьащ.

Парламентым и зэІущІэхэм мызэмытІэу Лъэпщокъуэм кьыщиІэтащ цІыхухэм (псом хуэмыдэу ветераншхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ) уасэ щІамыту хущхъуэ яІэрыхьэным, узыншагъэр хьумэн Іэнатіэм мылъку зэрыхухэх щІыкІэм, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми я зэфІэхьыкІэм теухуа псалъэмакъэхэр. Налшык къалэ дэт эндокринологие центрыр кьызэІуахьиныр зи жэрдэму щытари а медицинэ Іуэхущ1апІэр лажьэу яутІупщыжу гумызагъэу ядэІэпыкъуари Лъэпщокъуэ Хьэжысмелщ. Узыфэр зэмылІасэу щагъэбелджылы икІи щагъэхъуэ апхуэдэ Іуэхущ1апІэ республикэм иІэн хуейуэ кьилъытэу лъэІукІэ КъБР-м а лъэхъэнэм и Президенту щыта КІуэкІуэ Валерэ зыщыхуигъаззэм, Лъэпщокъуэм и жэрдэмкІэ Іуэхущ1апІэхэр щІыпІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым кьызэрыщызэІуахэр икъукІэ щхьэпэу зэрыхъунырыц.

